# Ministrlikler, mámleketlik komitetler, mámleketlik basqarıwdıń basqa da uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumıs nátiyjeliligin bahalaw sistemasın engiziw haqqında

Image not found or type unknown

**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń q a r a r ı**

Keyingi bes jılda respublikamızda ministrlikler, mámleketlik komitetler, mámleketlik basqarıwdıń basqa da uyımları hám xojalıq birlespeleriniń jumıs nátiyjeliligin túp-tiykarınan arttırıw, olardıń wazıypaları, wákillikleri hám juwapkerlik tarawların anıq belgilew boyınsha keń kólemli kompleksli ilajlar ámelge asırıldı.

Sonıń menen bir qatarda, tarmaqlar hám aymaqlarda jumıslardıń haqıyqıy jaǵdayın tereń jáne hár tárepleme sın kózqarastan úyreniw ministrlikler, mámleketlik komitetler, mámleketlik basqarıwdıń basqa da uyımları hám xojalıq birlespeleri basshılarınıń orınbasarlarına júklengen funkcional wazıypalardı zárúr dárejede jáne juwapkershilik penen orınlaw boyınsha jeke juwapkershiligin kúsheytiwge baylanıslı bir qatar úlken kemshilikler hám sistemalı mashqalalar bar ekenligin kórsetedi.

Elimiz rawajlanıwınıń zamanagóy basqıshında jańa Ózbekstandı qurıw ushın ámelge asırılıp atırǵan jedel hám keń kólemli reformalar procesinde elimiz aldında turǵan tiykarǵı, strategiyalıq hám áhmiyetli wazıypalardı operativ sheshiwde ministrlikler, mámleketlik komitetler, mámleketlik basqarıwdıń basqa da uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jeke juwapkershiligin arttırıw, wazıypaları hám wákilliklerin anıq belgilew,  sonday-aq, olardıń jumıs nátiyjeliligi jáne maqsetli wazıypalarǵa erisiliwiniń tiykarǵı ólshemleri arqalı bahalawdıń jańa sistemasın engiziw maqsetinde:

Ministrlikler, mámleketlik komitetler, mámleketlik basqarıwdıń basqa da uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń itibarı olarǵa Ózbekstan Respublikasınıń nızamları, Ózbekstan Respublikası Prezidenti hám Ministrler Kabinetiniń hújjetleri menen jáne ózleriniń birinshi basshıları tárepinen júklengen wazıypalardı orınlawda qalaqlıqqa, ózi boladılıqqa jol qoyıp bolmawına qaratılsın.

Ministrlikler, mámleketlik komitetler, mámleketlik basqarıwdıń basqa da uyımları (keyingi orınlarda – mámleketlik basqarıw uyımları) hám xojalıq birlespeleri basshılarınıń orınbasarları ózine biriktirilgen tarmaq hám tarawlardaǵı jumısınıń nátiyjeliligi boyınsha Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti aldında jeke juwapker bolıp esaplanatuǵını jáne Ministrler Kabineti aldında esap beretuǵını belgilensin.

Tómendegilerdi názerde tutatuǵın mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumısın bahalaw sisteması engizilsin:

mámleketlik basqarıw uyımları hám mámleketlik úlesi 50 procentten joqarı bolǵan xojalıq birlespeleri (keyingi orınlarda – xojalıq birlespeleri) basshıları orınbasarlarınıń  jumıs nátiyjeliligin jáne maqsetli wazıypalarǵa erisiwin bahalawdıń tiykarǵı ólshemleri Ministrler Kabinetiniń qararı menen tastıyıqlanadı;

hár jılı orınlaw tártibiniń jaǵdayı boyınsha baha beriwdi názerde tutqan halda mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumıs kórsetkishleri mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleriniń kollegial uyımları tárepinen islep shıǵıladı hám tastıyıqlanadı;

mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumıs nátiyjeliligin hám maqsetli wazıypalarǵa erisiwin bahalawdıń tiykarǵı ólshemleri hám

kórsetkishleri statistikalıq jáne uyımlıq esabatlar sonday-aq, analitikalıq maǵlıwmatlar tiykarında sistemalı monitoring etiledi;

monitoring nátiyjeleri tiykarında basshılar orınbasarlarınıń jumısı sın kózqarastan tallaw tiykarında tiyisli mámleketlik basqarıw uyımları kollegial uyımlıq hám xojalıq birlespeleriniń baqlaw keńeslerinde jáne Ministrler Kabinetinde hár sherektiń juwmaǵı boyınsha dodalap barıladı;

bahalaw ólshemleri hám kórsetkishleri tiykarında hár bir basshı orınbasarınıń jumısına baha beriw arqalı olarǵa xoshametlew yamasa intizamiy juwapkershilikke tartıw ilajları kóriledi.

Ministrler Kabineti:

bir hápte múddette mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumıs nátiyjeliligin jáne maqsetli wazıypalarǵa erisiwin bahalawdıń tiykarǵı ólshemlerin tastıyıqlasın;

mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarları tárepinen jumıs kórsetkishleriniń orınlanıwı boyınsha hár ayda ǵalaba xabar quralları, sonıń ishinde, tele hám radio kanalları arqalı málimleme beriliwin támiyinlesin.

Mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumısın bahalaw sisteması sheńberinde:

mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumıs kórsetkishleri  hár jıldıń juwmaǵı boyınsha keyingi jıldıń 10-yanvarına shekem belgilengen tártipte tastıyıqlanǵan bahalawdıń tiykarǵı ólshemlerine muwapıq mámleketlik basqarıw uyımları jáne xojalıq birlespeleriniń kollegial uyımları tárepinen islep shıǵılatuǵını jáne Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń tiyisli orınbasarları hám keńesgóyleri menen kelisken halda tastıyıqlanatuǵını;

mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumısı hár sherektiń juwmaǵı boyınsha kollegial uyım májilisinde sın kózqarastan dodalanatuǵını hám bahalanatuǵını. Onda, basshı orınbasarları tárepinen jumıs kórsetkishleriniń orınlanıwı 70 procentten az támiyinlengende –  «qanaatlandırarsız», 71 procentten 90 procentke shekem – «qanaatlandırarlı»,  91 procentten 99 procentke shekem – «jaqsı» jáne 100 procent hám onnan joqarı bolǵanda «ayrıqsha» dep bahalanatuǵını;

hár sherektiń juwmaǵı boyınsha keyingi aydıń 5-sánesine shekem mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleriniń kollegial uyımları tárepinen basshınıń tiyisli orınbasarlarınıń juwapkershiligi boyınsha usınıslar tayarlanatuǵını jáne analitikalıq materiallar menen birge Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarları hám keńesgóylerine kirgiziletuǵını;

hár sherektiń juwmaǵı boyınsha keyingi aydıń 10-sánesine shekem Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarları hám keńesgóyleri berilgen analitikalıq materiallardı tiyisli basshılar hám olardıń orınbasarları qatnasıwında sın kózqarastan dodalap, hár bir basshı orınbasarınıń jumısına jeke baha bergen halda olardı xoshametlew ilajların yamasa ózine biriktirilgen taraw hám tarmaqlarda tiykarǵı kórsetkishlerge erisiwde juwapkershiliksizlikke jol qoyǵanı ushın lawazımǵa ılayıqlıǵı máselesin kórip shıǵatuǵını jáne bul haqqında anıq usınıslar menen birge Ózbekstan Respublikası Bas ministrine esabat beretuǵını;

hár sherektiń juwmaǵı boyınsha keyingi aydıń 15-sánesine shekem mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumısın bahalaw nátiyjeleri boyınsha juwmaqlawshı analitikalıq materiallar, sonıń ishinde, olardı xoshametlew yamasa intizamiy ilajlar qollanıw boyınsha anıq usınıslar ulıwmalastırılıp, kórip shıǵıw

ushın Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyasına jiberiletuǵını. Onda zárúrlikke bola, óz jumısında sistemalı kemshiliklerge jol qoyıp kiyatırǵan basshı orınbasarlarınıń lawazımın qısqartqan halda olarǵa júklengen wazıypalardıń orınlanıwın támiyinlew boyınsha departament jumısın shólkemlestiriw boyınsha usınıslar kirgiziliwi múmkin ekenligi belgilensin.

Basshılar orınbasarlarınıń jumıs kórsetkishleriniń orınlanıwı ústinen monitoringti ámelge asırıwda tiykarǵı itibar tómendegi sistemalı hám tiykarǵı máselelerge qaratılsın:

a) ekonomika tarmaqları hám tarawlarında:

makroekonomikalıq turaqlılıqtı, turaqlı hám teń salmaqlı ekonomikalıq rawajlanıwdı támiyinlew, ekonomika tarmaqların kompleksli rawajlandırıw hám diversifikaciyalaw, sonday-aq, «jasırın» ekonomikaǵa qarsı gúresiw jáne onıń úlesin keskin qısqartıw;

jańa jumıs orınların jaratıw, xalıqtıń bántligin támiyinlew, miynet bazarı infrastrukturasın rawajlandırıw, xalıqtıń dáramat tabıwǵa qaratılǵan isbilermenlik umtılısların qarjılay qollap-quwatlaw, xalıq hám biznes ushın zárúr sharayatlar jaratıw;

isbilermenlik ortalıǵın hám biznes jaratıw sharayatların bunnan bılay da jaqsılıw, isbilermenlikti qollap-quwatlaw mexanizmlerin keńeytiw, olardı zárúr finanslıq hám infrastrukturalıq resurslar menen támiyinlew jáne «Hár bir shańaraq-isbilermen» baǵdarlamasın izbe-iz ámelge asırıw;

investiciya ortalıǵın jaqsılaw, tikkeley sırt el investiciyaların tartıw, ajıratılǵan kapital qoyılmaların nátiyjeli ózlestiriw jáne ekonomikalıq ósiwdi támiyinlewde xızmetler tarawın áhmiyetli drayverge aylandırıw;

sanaatta eksportqa jaramlı hám básekiles ónimler islep shıǵarıwdıń ósiwi, importtı qısqartıw jáne óndiristi lokalizaciyalaw arqalı ónimniń ózine túser bahasın azaytıw;

awıl xojalıǵın diversifikaciyalaw, sonıń ishinde, klasterlerdiń jumısın shólkemlestiriw, awıl xojalıǵına zamanagóy, innovaciyalıq agrotexnologiyalardı jedel kirgiziw;

innovaciyalıq qollanbalar hám sanlı texnologiyalardı engiziw arqalı miynet ónimdarlıǵın arttırıw;

b) sociallıq tarawda:

Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen alǵa qoyılǵan bes áhmiyetli baslamanı aymaqlarda tolıq engiziw;

Bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıw, onıń sapası hám nátiyjeliligin arttırıw, ilimiy-izertlew hám innovaciyalıq xoshametlew;

Mámleketlik – jeke menshik sheriklik usılındaǵı mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemin shólkemlestiriw jumısların jedellestiriw jáne usı tarawǵa jeke menshik sektordı keńnen tartıw arqalı mektepke shekemgi bilimlendiriwge qamtıp alıwdı arttırıw;

densawlıqtı saqlaw sistemasın rawajlandırıw, medicinalıq xızmetlerdiń sapasın jaqsılaw, rayon (qala)lıq kóp tarmaqlı oraylıq poliklinikaları tárepinen xalıqqa bunnan bılay da sapalı medicinalıq xızmetler kórsetiwdiń qamtıp alıwın keńeytiw;

pensionerlerdi sociallıq qollap-quwatlawdı bunnan bılay da keńeytiw, qariyalar hám kekse jastaǵılarǵa hár tárepleme ǵamxorlıq etiw, puqaralardıń mámleketlik pensiya

támiynatı sistemasın jetilistiriw;

denetárbiya hám sporttı rawajlandırıw hám  sport infrastrukturasın jetilistiriw;

«Temir dápter», «Hayal-qızlar dápteri» hám «Jaslar dápteri»ne kirgizilgen hár bir puqara menen individual hám sistemalı túrde turaqlı jumıs alıp barıwdı shólkemlestiriw arqalı xalıqtıń, ásirese, materiallıq járdem hám kómekke mútáj shańaraqlar, mayıplıǵı bolǵan, kem támiyinlengen hayal-qızlar hám jaslardı sociallıq qorǵawdı kúsheytiw, olardıń real dáramatların arttırıw;

jaslardı qollap-quwatlaw sistemasın jáne de jetilistiriw,  olardıń bántligine járdemlesiw, isbilermenlik ideyaları menen baslamaların xoshametlew, olardıń ılayıqlı dáramat alıwı ushın qosımsha sharayatlar jaratıw;

turizmdi jedel rawajlandırıw, kelip atırǵan sırt el hám jergilikli turistler aǵımın kóbeytiw, jańa turizm ónimlerin jaratıw, turizm infrastrukturası hám transport logistikasın keńeytiw;

sociallıq- ruwxıy ortalıqtıń turaqlılıǵın támiyinlew,  xalıq arasında ruwxıy-aǵartıwshılıq hám mádeniy ilajlardı shólkemlestiriw;

v) kapital qurılıs, kommunikaciyalar hám kommunal xojalıq tarawlarında:

xalıqtıń turmıs sharayatların jaqsılaw hám olardı múnásip turaq jay menen támiyinlew hám abadanlıǵın arttırıw;

kapital qurılıs hám qurılıs industriyası tarawın jedel rawajlandırıw, sociallıq taraw, turaq jay hám infrastruktura obektleriniń sapalı qurılısın támiyinlew;

«Abat awıl» hám «Abat máhálle» baǵdarlamaları sheńberinde ekonomikalıq hám sociallıq rawajlanıwda artta qalıp atırǵan awıllıq rayonlardı hám qalalardı kompleksli hám jedel rawajlandırıw;

xalıqtıń sapalı kommunal xızmetler menen qamtıp alınıwın túp-tiykarınan jaqsılaw, kóp kvartiralı turaq jay fondınan paydalanıw sistemasın jetilistiriw;

xalıqtı taza ishimlik suwı menen támiyinlew, aqaba suw, ishki xojalıq jolları hám basqa da kommunikaciya tarmaqların qurıw, rekonstrukciyalaw hám ońlaw;

g) jumıstı rejelestiriw hám «temir tártip»ke tiykarlanǵan qatań atqarıw tártibin támiyinlew tarawında:

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 10-fevraldaǵı «Nızamshılıq hújjetleriniń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwde mámleketlik basqarıw uyımları hám jergilikli atqarıw hákimiyatı uyımları basshılarınıń jeke juwapkershiligin kúsheytiwge baylanıslı qosımsha ilajlar haqqında»ǵı PP-6166-sanlı pármanına tiykarlanıp nızamshılıq hújjetleri hám tapsırmalardıń waqtında hám sapalı orınlanıwın támiyinlew, «temir tártip»ke tiykarlanǵan atqarıw tártibin bekemlew boyınsha birden-bir hám úzliksiz «texnologiyalıq shınjır»dıń jańasha tásirsheń sistemasın engiziw;

aymaqlarda «máhálle kesiminde» islesiw sistemasın engiziw arqalı jergilikli basqarıw uyımların xalıqqa jáne de jaqınlastırıw, xalıq hám isbilermenlerdiń mashqalaların anıqlaw jáne olardı nátiyjeli sheshiw;

mámleketlik uyımlarda jumısına sanlı texnologiyalardı keńnen engiziw arqalı olardıń jumıs nátiyjeliligin támiyinlew;

mámleketlik hám aymaqlıq rawajlandırıw baǵdarlamaların, joqarı dárejedegi sapar etiwlerdiń juwmaqları boyınsha «jol kartaları», aymaqlarda eknomikalıq, sociallıq hám hákimshilik reformalardı óz waqtında hám tolıq kólemde ámelge asırıw;

xalıq penen óz-ara birge islesiw hám tikkeley pikirlesiwdi shólkemlestiriw, fizikalıq hám yuridikalıq táreplerdiń múrájatların óz waqtında jáne sapalı kórip shıǵıwdı támiyinlew;

xızmet saparları, sonıń ishinde, sırt mámleketlerge saparlardıń nátiyjeliligin támiyinlew.

Ministrlikler, mámleketlik komitetler, mámleketlik basqarıwdıń basqa da uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumıs kórsetkishlerin islep shıǵıw, monitoring etiw hám nátiyjeliligin bahalaw tártibi haqqındaǵı reje qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarları hám keńesgóyleri óz wákilligine kirgizilgen tiyisli baǵdarlar hám máseleler boyınsha mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri tárepinen strategiyalıq hám tiykarǵı wazıypalar, tastıyıqlanǵan «jol kartaları» jáne orta hám uzaq perspektivaǵa mólsherlengen baǵdarlamalardıń nátiyjeli ámelge asırılıwında olardıń jumısın muwapıqlastırıw jáne óz-ara nátiyjeli birge islesiwin támiyinlew ushın tásirsheń ilajlar kóretuǵınlıǵı;

mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleriniń basshıları tárepinen olardıń orınbasarlarınıń jumıs kórsetkishlerin bahalawdıń tiykarǵı normalarınan kelip shıǵıp, Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarları hám keńesgóyleri menen kelisken halda olardıń aylıq jeke jumıs rejeleri tastıyıqlap beriletuǵınlıǵı  belgilensin.

Ózbekstan Respublikasındaǵı mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemlerge basshı orınbasarınıń jumısın bahalawdıń tiykarǵı normaları hám kórsetkishlerin islep

shıǵıw hám tastıyıqlaw jáne olardıń jumısına baha berip barıw sistemasın engiziw usınıs etilsin.

Mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri bir ay múddette belgilengen tártipte tastıyıqlanǵan bahalawdıń tiykarǵı normalarınan kelip shıǵıp, 2021-jıldıń II yarım jıllıǵı ushın mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumıs kórsetkishlerin tastıyıqlasın.

Usı qarar menen engizilip atırǵan mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumısın nátiyjelilik kórsetkishleri tiykarında bahalaw siteması 2021-jıldıń aqırına shekem eksperiment tárizinde ámelge asırılsın.

Ózbekstan Respublikası Ekonomikalıq rawajlanıw hám kámbaǵallıqtı qısqartıw ministrligi 2022-jıl 15-yanvarǵa shekem mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleriniń basshıları orınbasarlarınıń jumısın bahalaw processlerin puqta tallaǵan halda usı qarar menen engizilgen sistemanı jáne de jetilistiriw boyınsha Ministrler Kabinetine tiykarlanǵan usınıslardı kirgizsin.

Ministrler Kabineti ótkerilgen eksperiment juwmaqlarına bola 2022-jıldıń 1-fevralına shekem mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń jumısın nátiyjelilik kórsetkishleri tiykarında bahalawdı shólkemlestiriwde júzege kelgen mashqalalar hám bar kemshiliklerdi saplastırıw, sonday-aq, usı sistemanıń nátiyjeliligin arttırıw maqsetinde onı jetilistiriw boyınsha usınıslardı Ózbekstan Respublikası Prezidenti Adminstaciyasına kirgizsin.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı Mámleketlik xızmetti rawajlandırıw agentligi:

Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı Mámleketlik basqarıw akademiyası menen birgelikte hár jılı turaqlı túrde mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshıları orınbasarlarınıń mamanlıǵın arttırıw boyınsha qısqa múddetli kurslardı shólkemlestirsin;

Sırtqı isler ministrligi, «El-yurt umidi» qorı menen birgelikte mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshılarınıń  orınbasarların  sırt mámleketlerge óz baǵdarı boyınsha qısqa múddetli oqıw hám tájiriybe arttırıwǵa jiberiw boyınsha kompleksli ilajlar kórsin.

Málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi eki ay múddette ministrlikler hám uyımlar basshıları jumısınıń kórsetkishlerin bahalawda insan faktorın azaytıw maqsetinde tiykarǵı kórsetkishler boyınsha ónimlerdi avtomat tárizde tallaw arqalı jaǵdaydı anıqlaw imkaniyatın beretuǵın arnawlı elektron platformanı iske qossın.

Ministrler Kabineti eki ay múddette usı qarardan kelip shıqqan halda mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri basshılarınıń hár bir orınbasarınıń wákilligin qayta kórip shıǵıp, olardıń funkcionallıq wazıypalarına wákillik hám juwapkershilik shegarasın anıq belgilew boyınsha qarar joybarın islep shıqsın.

Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge jáne basshı orınbasarlarınıń jumıs nátiyjeliligin bahalaw sistemasınıń engiziliwine juwapker hám jeke juwapker etip Bas ministrdiń orınbasarları hám keńesgóyleri belgilensin.

Qarardıń orınlanıwın dodalap barıw, orınlaw ushın juwapker uyımlardıń jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Ózbekstan Respublikasınıń Bas ministri A.N.Aripovqa hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti Adminstraciyasınıń basshısı Z.Sh.Nizomiddinovqa júklensin.

Ámelge asırılıp atırǵan ilajlardıń nátiyjeliligi boyınsha Ózbekstan Respublikası Prezidentine 2021-jıl 1-oktyabr hám 2022-jıl 15-yanvarǵa shekem málimleme berilsin.

Ózbekstan Respublikası

Prezidenti Sh.MIRZIYoEV

Tashkent qalası,

2021-jıl 22-iyul